Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 5 (6892) 29 январь 2024 с. Итни Ражаб 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов: «ТӀолгороссиялъулаб «ГьитӀинаб ВатӀан – Россиялъул къуват» абураб муниципалияб форум – тарихияб кӀвар бугеб тадбир»

### Москваялда тӀобитӀараб форумалъул хӀасилал гьаруна

**2024-абилеб соналъул 23-абилеб январалда Бакълъул районалъул бетӀер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда администрациялда «ГьитӀинаб ВатӀан – Россиялъул къуват» абураб Москваялда тӀобитӀараб ТӀолгороссиялъулаб муниципалияб форумалъул хӀасилал гьарураб данделъи тӀобитӀана.**

Гьенир гӀахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетӀерасул заместитель МухтарахӀмад АхӀмадовас, федералиял, регионалиял, бакӀалъулал идарабазул вакилзабаз, росабазул нухмалъулез ва цогидаз.

Тадбир рагьулаго, Гъалип Гъалиповас баян гьабуна «ГьитӀинаб ВатӀан – Россиялъул къуват» абураб форумалда росаби, районал, республикаби ва тӀолго улка церетӀезе квербакъулел суалал рорхараблъи.

«ТӀолгороссиялъулаб тӀоцебесеб «ГьитӀинаб ВатӀан – Россиялъул къуват» абураб муниципалияб форум буго тарихияб кӀвар бугеб тадбир. Гьенир гӀахьаллъаразул хӀалбихьи хӀалтӀизабизе бегьула нилъеца. 2023-абилеб сон нилъее, бакълъулазе, букӀана лъикӀал хӀасилаздалъун бечедаб.

АнцӀила цо цӀалул идара къачӀазе рес щвана, цо цӀияб школа рагьана, нухал къачӀана ва цогидал хӀалтӀаби нухдаинаруна. 2024-абилеб сональги жеги цӀикӀкӀун хӀалтӀизе руго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.



Форумалда гӀахьаллъи гьабурал ЦӀиликь, Данухъ ва ЛъаратӀа росабазул бегавулзабазги загьир гьаруна тадбиралда тӀасан пикраби. ЦӀилкьадерил бетӀер МухӀамадгӀарип ГӀубайдулаевасул рагӀабазда рекъон, Россиялъул президент Владимир Владимирович Путинил сиясат нухдаинабизе кумек гьаби – къуватаб улка букӀинабиялъе кумек.

«Форумалда рагӀана гӀемераб цӀияб, пайдаяб. Владимир Путинил баянazда рекъон, муниципалитетал церетӀей – тӀолго Россия цебетӀей. Нахъеги бажарараб гьабизе буго гӀагараб росу, район кинабго рахъалъан церетӀураллъун рукӀине»,- ян абуна ЛъаратӀа росдал бегавул Анвар Залумхановас.

Данухъ росдал бетӀер ГӀабдулатӀип ГӀисаевас баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасе форумалда гӀахьаллъизе кумек гьабуралъухъ.

«ЦӀакъ вохарав вуго улкаялъул бетӀерас гьитӀинал районал, росаби церетӀезе кӀвар кьолеб букӀиналдаса. Тадбиралда рагӀараб пайдаябщинаб данхъадерил гӀумрудул шартӀал лъикӀлъизариялъе хӀалтӀизабизе буго. РакӀракӀалъулаб баркала буго Гъалип ГӀисахӀажиевичасе хӀалбихьи цӀикӀкӀунеб тадбиралда гӀахьаллъизе кумек гьабуралъухъ»,- ян абуна ГӀабдулатӀип ГӀисаевас.

Дандеруссиналъул гӀахьалчагӀаз гьединго цогидал кӀвар бугел суалалги рорхана. Гьоркьоб течӀо СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул суалги. Гъалиповас баркала загьир гьабуна араб соналъ ВатӀан цӀунулезул хӀажатал тӀуразе квербакъарал бакълъулазе. Гьезие кумек гьабиялъул иш нахъеккунги жагъал тезе гьечӀо.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

МУНИЦИПАЛИТЕТАЗУЛ ЦЕБЕТӀЕЙ

## Бакълъулазул тӀалъи – регионазда гьоркьосеб форумалда

### ГӀорхъабазул баянал цойиде росиялъул бицана

**Бакълъул мухъалъул бетӀер Гъалип Гъалипов, гьесул заместитель МухтарахӀмад АхӀмадов, районалъул бакӀал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул отделалъул специалист Шагьрудин Къурбанов гӀахьаллъана МахӀачхъалаялда тӀобитӀараб ЕГРНялда хъвайхъвагӀай гьабиялда хурхарал суалал рорхараб кӀудияб данделъиялда.**



Дагъистаналъул Минимуществоялъул министерствоялъул вакилзабаз тадбиралъул гӀахьалчагӀазе районазул, росабазул гӀорхъабазул баянал цойиде росиялъул бицана.

Тадбир гӀуцӀун букӀана Дагъистаналъул ХӀукуматалъ ва Минимуществоялъул министерствоялъ.

Форумалда гӀахьаллъана РФялъул 21 регионалдаса 900 чи. ДРялъул бетӀер Сергей Меликов, Росреестралъул нухмалъулесул заместитель Татьяна Громова, ДРялъул ХӀукуматалъул нухмалъулев ГӀабдулмуслим ГӀабдулмуслимовги гӀахьаллъана тадбиралда.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



«Блокадаялъул чед»

- 2 гьум.



«Дир Расул ХӀамзатов» абураб къецалда призовияб бакӀ щвана Маржан ГӀабдужалиловалъе

- 2 гьум.



МелъелтӀаса МухӀамад Астимировасе Сергей Меликовас «Цогояб Россия» партиялъул билет кьуна

- 2- гьум.



МухӀамадрасул Сулейманов Запорожье областалде сакъатал лъималазе сайгъаталгун щвана

- 2- гьум.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## «Блокадаялъул чед»

### Фашистазул яргъилал къуватаздаса Ленинград эркен гьабуралдаса 80 сон ин кIодо гьабуна

**2024-абилеб соналъул 23-абилеб январалда Бакълъул районалъул маданияталъул ва библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул хIалтIухъабаз МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул вакилзабазда цадахъ «Блокадаялъул чед» абураб тадбир тIобитIана.**

125 грамм чадил бикьун. Блокадаялъул заманалда гьедигIан гурони чед щолароан Ленинградалъул халкъалъе. Бакълъулазул тIалъиялъул вакилзабаз КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезаруна, гьезул хIурматалда бараб памятникалда цере тIугьдузул горалги лъун.

Тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул хIалтIухъабаз ленинградалъулал фашизмалъул къоралдаса хвасар гьаруралдаса 80 сон иналъул хIурматалда хIадур гьабуна стенд. Музеялъул вакилзабазул рагIабазда рекъон, гIемерал лъимал рачIана ахирал къояз музеялде, гье-



Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, маданияталъул идараялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас ва цогидаз.

КъватIибехун бухьен къотIизабун хутIарал ленинградалъулал ракIалде щвезаруна, Блокадаялъул заман ракIалде щвезабуна МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахьиялъул централъул директор ГIазра РурухIмаевалъ, библиотекарь Аминат Халидовалъ, росдал администрациялъул хIалтIухъабаз. МелъелтIа аслияб школалъул лъималазе, росуцоязе гьез бикьана чадил мочIаби.

зул стендалда тIасан рукIана батIи-батIиял суалалги.

Игъали, Цилик, ЛъаратIа, Килаль, ТIад ва Гъоркь Инхо, Данухъ ва цогидал росабалъги тIоритIана блокадаялда хурхарал тадбирал.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## «Дир Расул ХIамзатов» абураб къецалда призовияб бакI щвана Маржан ГIабдужалиловалъе

### СалихIат ХIамзатовалъ гIарцулаб сертификат къуна

**Бакълъул районалъул аслияб школалъул выпускница, Расул ХIамзатовасул цIаралда ДГПУялда цебе бугеб профессионалиябгун педогогикияб колледжалъул студентка Маржан ГIабдужалиловалъ гIахьаллъи гьабуна ТIолгороссиялъулаб «Дир Расул ХIамзатов» абураб эссеязул конкурсалда.**

Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул, Абхазиялъул, Башкириялъул, Чачан ва цогидал республикабазул вакилзабаз. Конкурсалъул хIасилалда Маржан ГIабдужалиловалъе щвана лъабабилеб бакI, мустахIикълъана лъабабилеб даражаялъул дипломалъе ва шагIирасул яс СалихIат ХIамзатовалъул рахъалдасан гIарцулаб сертификаталъе.




Бакълъулазул бетIер ГъалипГъалиповас, МелъелтIа аслияб школалъул хIалтIухъабаз ГIабдужалиловалда баркана конкурсалда призовияб бакIалъе мустахIикълъи, гьарана гьелъие сундулъго икъбал ва цебетIей.

**Макка МухIамадова**

ЛЪАЗАБИ

**Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъ гIуцIун буго «Мелъел – магIарулал» абураб жамгIияб идара (община коренного малочисленного народа аварцы «Авары-мехельтинцы»). Гьеб лъазабиялда тIасан суалал раккани, хъвазе бегьула МухIамадсагIид СагIидовасухъе. Гьесул тел: 8 (928) 500 50 40; эл. почта: saidov161@mail.ru.**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

## МелъелтIаса МухIамад Астимировасе Сергей Меликовас «Цогояб Россия» партиялъул билет къуна

**«Цогояб Россия» партиялъул регионалияб отделениялъул Секретарь, Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул нухмалъиялда «Цогояб Россиялъул» советалъул данделъи тIобитIана араб анкьалъ МахIачхъалаялда.**

Тадбиралда Сергей Меликовас партиялъул цIиял гIахьалчагIазе партиялъулал билеталги къуна. Гьедин, билет щвана МелъелтIа росулъ бугеб спортивияб школалъул тренер МухIамад Астимировасе.



МелъелтIа росулъа МухIамад Астимиров ккола МахIачхъалаялъул Ленин районалъул депутатазул Собраниялъул депутат.

**Макка МухIамадова**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## ЧIикьа ГIабдула Халитов мустахIикълъана баркалаялъул кагътие

### Мисалияв рядовой

**Бакълъул районалъул ЧIикь росулъа ГIабдула Халитовасе щвана мисалияб рагъулаб хъулухъалъухъ аскаралъулаб часталъул командир полковник Р. Крюковасул баркала.**

«Жинда тIадал ишал ракIбацIцIадго, лъикI ва гIужда тIуразе бахъараб хIаракаталъухъ»,- абун хъван буго баркалаялъул кагътида. Халитовас жинда тIадаб борч борхулеб буго Архангельскалъул районалъул Мирный шагьаралда.



Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана ГIабдула Халитовасда баркалаялъул кагъаталъе мустахIикълъи, гьарана гьесие сундулъго икъбал ва чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## МухIамадрасул Сулейманов Запорожье областалде сакъатал лъималазе сайгъаталгун щвана

**Бакълъулазул мухъалда бугеб «Рагъулаб вацлъи» отделениялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул жамгIияб палатаялъул жамгIияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул Комиссиялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадрасул Сулейманов щвана Запорожье областалъул Мелитополь районалъул Терпеньевалъул хасаб школа-интерназталде.**

Сакъатал лъималазе сайгъатал къуна, гьезул дарсазда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул вакилзабаз. Школалъул мугIалимаз баркала загьир гьабуна дагъистаниязе гуманитарияб кумекалъухъ.

Абизе ккола бакълъулаз гьоркьоса къотIичIого кумек гьабулеб бугин Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе. Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул хъаравуллъиялда руго СВОялъул гIахьалчагIазе кумек гьабиялъул суалал.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 5 29 январь 2024 с.

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Сельсовет «Мехельтинский»» Гумбетовского района

**от 28. 12. 2023 г.** **Решение: № 11** **с. Мехельта**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет «Мехельтинский»» на 2024 год в размере 7337 тыс рублей, и плановый период на 2025 год в размере 6406 тыс рублей, на 2026 год в размере 6450 тыс рублей.

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 5426,0 | 4452,0 | 4452,0 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 419,0 | 462,0 | 506,0 |
| Собственные доходы | 1492,0 | 1492,0 | 1492,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 1172,0 | 1172,0 | 1172,0 |
| ЕСХН | 44,0 | 44,0 | 44,0 |
| Земельный налог | 197,0 | 197,0 | 197,0 |
| Имущественный | 79,0 | 79,0 | 79,0 |
| **ИТОГО:** | **7337,0** | **6406,0** | **6450,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2916,0 | 2728,0 | 2722,0 |
| б) | МКУК | 1614,0 | 1562,0 | 1562,0 |
| в) | ВУС | 419,0 | 462,0 | 506,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 83,0 | 83,0 | 83,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 73,0 | 70,0 | 70,0 |
| ж) | Молодежная политика | 73,0 | 65,0 | 65,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 2159,0 | 1436,0 | 1442,0 |

**Председатель сельского Собрания А. Х. Рурухмаева**
**Секретарь Собрании У. З. Магомеднабиев**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» Гумбетовского района

**от 31. 12. 2023 г.** **Решение: № 12** **с. Арадирих**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский» на 2024 год в размере 3076 тыс. рублей, и плановый период на 2025 год в размере 2656 тыс. рублей, на 2026 год в размере 2674 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2830,0 | 2393,0 | 2393,0 |
| Субвенция | 165,0 | 182,0 | 200,0 |
| Собственные доходы | 81,0 | 81,0 | 81,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 41,0 | 41,0 | 41,0 |
| Земельный налог | 21,0 | 21,0 | 21,0 |
| Имущественный | 19,0 | 19,0 | 19,0 |
| **ИТОГО:** | **3076,0** | **2656,0** | **2674,0** |

РИТМ ГУМБЕТА

## Рузмай Джанакаева: «Я решила стать наблюдателем, чтобы иметь возможность проконтролировать выборный процесс»

**Учительница начальных классов Мехельтинской основной школы Гумбетовского района, педагог высшей категории с 40-летним стажем Джанакаева Рузмай Ахмедовна решила стать общественным наблюдателем на предстоящих выборах Президента России, которые пройдут с 15 по 17 марта 2024 года.**

«Почему я решила стать общественным наблюдателем на предстоящих выборах Президента России? Считаю необходимой работу наблюдателей на выборах, они играют немаловажную роль. Я – за честные, справедливые выборы. Я решила стать наблюдателем, чтобы иметь возможность проконтролировать выборный процесс. Как и другие наблюдатели, я прошла обучение. Нас ознакомили с законодательством в сфере выборов», – рассказала Рузмай Джанакаева.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Килятль» Гумбетовского района

**от 29. 12. 2023 г.** **Решение: № 1** **с. Килятль**

1. Утвердить бюджет АСП «Село Килятль» на 2024 год в размере 2331,6 тыс. рублей, и плановый период на 2025 год в размере 1938,2 тыс.рублей, на 2026 год в размере 1953,8 тыс.рублей.

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2118,0 | 1710,0 | 1710,0 |
| Субвенция | 139,6 | 154,2 | 1690,8 |
| Собственные доходы | 74,0 | 74,0 | 74,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| Имущественный | 27,0 | 27,0 | 27,0 |
| **ИТОГО:** | **2331,6** | **1938,2** | **1953,8** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1618,0 | 1271,0 | 1256,0 |
| б) | МКУК | 524,0 | 408,0 | 408,0 |
| в) | ВУС | 139,6 | 154,2 | 169,8 |
| г) | Ф/К и спорт | 20,0 | 15,0 | 15,0 |
| д) | Молодежная политика | 10,0 | 5,0 | 5,0 |
| ж) | ЖКХ (благоустройство) | 20,0 | 85,0 | 100,0 |
| | **ИТОГО:** | **1618,6** | **1938,2** | **1953,8** |

**Председатель сельского Собрания С.М. Узаиров**

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1851,0 | 1455,0 | 1455,0 |
| б) | МКУК | 915,0 | 815,0 | 815,0 |
| в) | ВУС | 165,0 | 182,0 | 200,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 81,0 | 81,0 | 81,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 32,0 | 26,0 | 26,0 |
| ж) | Молодежная политика | 32,0 | 0,0 | 0,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | | 97.0 | 97.0 |
| | **ИТОГО:** | **3076,0** | **2656,0** | **2674,0** |

**Председатель сельского Собрания Г. М. Алигаджиев.**
**Секретарь Собрания М. А. Абдухалимов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Оперативно-профилактическая операция «Оружие-выкуп»

**ОМВД России по Гумбетовскому району информирует:**

В период с 01 февраля по 31 декабря 2024 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ. Согласно изменениям №361 от 29 декабря 2021 г., внесённым в постановление Правительства Республики Дагестан №184 от 24 апреля 2014 г. плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.

Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ и цены.

1.Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер 55000

2.Автомат 80000

3.Пулемет Калашникова и его модификации 85000

4.Ручной пулемет 75000

5.Пистолет-пулемет 50000

6.Автоматический гранатомет станковый 25000

7.Подствольный гранатомет 20000

8.Ручной противотанковый гранатомет 20000

9.Одноразовый гранатомет 15000

10.Малогабаритный реактивный огнемет 25000

11.Снайперская винтовка 60000

12.Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом 15000

13.Охотничье гладкоствольное ружье 3000

14.Газовые пистолеты и револьверы 2000

15.Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства10000

16.Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства 1000

17.Травматические пистолеты и револьверы 3000

18.Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами 20000

19.Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и другие промышленного изготовления) за 1 грамм 8

20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) 3000

21.Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу 300

22.Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) 3000

23.Выстрел к РПГ 3000

24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам 2000

25.Ручная граната 2500

26.Мина 2000

27.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра 15

28.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12.7 калибра и более 150

29. Запалы к гранатам 1000.

Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, освобождаются от уголовной ответственности, предусмотренной за его хранение.

Также, напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством за незаконное приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение оружия, его основных частей и боеприпасов, предусмотрена уголовная ответственность вплоть до ограничения свободы сроком до 4-х лет и штрафа в размере до 80 тысяч рублей.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неис-правном состоянии либо непригодном для использования по основному на¬значению.

Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое время круглосуточно в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 -999- 418 – 85- 10.

**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району полковник полиции М.А. Магомедов**

# Взрывы газа в жилых домах: причины и как предотвратить!

**Отдел надзорной деятельности и профилактической работы №15 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД доводит, что на территории Республики Дагестан регулярно происходят взрывы газа в жилых домах, жертвами которых становятся десятки людей. Причиной взрывов в жилых домах является утечка газа, которая происходит из-за неправильного подключения оборудования, его изношенности или нарушений правил эксплуатации.**




«Основная причина – это человеческий фактор. Нередко жильцы, не обладая специальными знаниями, самовольно устанавливают и чинят газовые приборы, во время ремонта закрывают вентиляционные отверстия, пренебрегают элементарными правилами безопасности. Например, категорически запрещено использовать газовую плиту для обогрева квартиры, но есть прецеденты, когда в холодное время года жильцы оставляют конфорки включенными даже на ночь».

Чтобы понять, от чего может взорваться обычный бытовой газ, достаточно обратиться к сводкам газовых служб. «Почетное» первое место по распространенности занимает безграмотное хранение баллонов с пропаном. Дающие утечку старые емкости годами лежат на антресолях, в чуланах, кухонных нишах под окном. Для взрыва скопившегося горючего бывает достаточно одной небольшой искры.

На втором месте расположились ошибки, связанные с небрежной установкой оборудования – падение баллонов или нагревание их расположенными поблизости отопительными приборами довольно часто становится причиной детонации.

На третье вышли неисправности магистрального газопровода, утечки из-за ошибок монтажа: негерметичные соединения, износ шлангов, неправильное подключение плит. Сюда же относятся несанкционированные изменения проекта, исключающие эффективную вентиляцию, самостоятельные подключения дополнительного оборудования.

Четвертое место отведено невнимательности пользователей, допускающих заливание форсунок плиты жидкостью. Попав на сопло, вода гасит огонь, но не перекрывает выход газа. Скопление взрывчатого вещества при отсутствии проветривания быстро достигает критических значений.

И последнее, пятое место долгие годы удерживает безответственность владельцев старых баллонов. Решив дать емкости новую жизнь, практичные жильцы распиливают, разрезают, различными способами вскрывают резервуар, чтобы приспособить для разных нужд. Это грубая ошибка.

**Что делать при утечке газа?**

Если же в помещении ощущается запах газа, то нужно немедленно перекрыть его подачу к газовой плите и колонке, обесточить квартиру, отключив электропитание на распределительном щитке, и открыть окна.




«Основательно проветрите всю квартиру, а не только загазованную комнату, открыв все двери и окна. Покиньте помещение и не заходите в него до исчезновения запаха газа. При появлении у окружающих признаков отравления вынесите их на свежий воздух и положите так, чтобы голова находилась выше ног. Вызовите скорую медицинскую помощь»

**Как предотвратить концентрацию газа в помещении?**

Нижнее значение взрывоопасной концентрации природного газа — 4,4% от общего объема воздушных масс. Пик взрывчатости достигается при концентрации 9,5%. При заполнении воздуха более, чем на 17%, метан просто горит.

Для того, чтобы не допустить концентрации газа в квартире, необходимо соблюдать правила эксплуатации бытовых приборов.

«Во-вторых, нужно заключить со специализированной организацией договор на проведение технического обслуживания внутриквартирного газового оборудования и обеспечить специалистам доступ во время плановой проверки. Регулярное техобслуживание является залогом газовой безопасности».

УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!

В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:

«112» — Единая служба спасения.

**Инспектор ОНД и ПР № 15 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД лейтенант внутренней службы Б.М.Валиев**

Бетlерав редактор:
Хlамзат Мухlамадович Гlизудинов
телефон: 26-254
Газета гlуцlаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра Гlабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка Мухlамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям Мухlамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
Махlачхъала, Петр Тlоцевесесул къватl, 61

Газета къватlибе бачlунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъалъулазул нур» абурал цlаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватlибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хlакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хlужабазул, цlаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.